Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

PANDAN MWA FYÈTE MOUN KI ANDIKAPE YO, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO AMELYORASYON NAN AKSESIBILITE YO FIN FÈ KOUNYE A NAN ESTASYON METWO BOROUGH HALL

Twa nouvo asansè konekte nivo lari, mezanin ak platfòm yo
Pwojè a gen ladan gwo travay pou mete enfrastrikti a nan bon kondisyon

MTA kontinye fè envestisman istorik nan aksesibilite metwo anba lidèchip Gouvènè Hochul; kounye a, 160 estasyon totalman aksesib

Pandan Nouyòk ap selebre Mwa Fyète Moun ki Andikape yo, jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) te selebre finisman gwo amelyorasyon nan aksesibilite ak travay pou mete enfrastrikti a nan bon kondisyon nan estasyon metwo Borough Hall, sa ki rann estasyon ki gen 118 lane a totalman aksesib an akò avèk Lwa pou Ameriken ki Andikape yo (Americans with Disabilities Act, ADA). Amelyorasyon sa yo nan pati gwo konplèks Borough Hall la ki sèvi tren 4 ak 5 yo pral benefisye 22,000 pasaje chak jou. Borough Hall se dènye nan yon seri istorik estasyon metwo ki resevwa amelyorasyon aksesibilite anba lidèchip Gouvènè Hochul. Yo rann 34 estasyon metwo totalman aksesib depi 2021, sa ki fè kounye a gen yon total 160 estasyon ki totalman aksesib nan tout sistèm nan. Kounye a, travay ap fèt nan 34 lòt estasyon pou pote plis amelyorasyon nan aksesibilite nan sistèm metwo a.

"Borough Hall se yon koneksyon esansyèl avèk tout sa Anba Lavil Brooklyn ofri, men pandan twò lontan, sant transpò sa a pa t aksesib pou tout moun; jodi a, sa finalman chanje," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Renesans transpò piblik Nouyòk la se rezilta envestisman istorik nan eleman vital vil nou an, epi yon pwojè tankou sa a, ki bay amelyorasyon aksesibilite ak reparasyon enfrastrikti moun yo bezwen anpil, se prèv klè lè ou envesti nan transpò piblik, ou ede tout yon kominote pwospere."

Amelyorasyon nann aksesibilite yo gen ladan twa nouvo asansè, youn ki soti nan lari pou rive nan mezanin lan ak de ki soti nan mezanin pou rive nan platfòm yo epi ki sèvi toude direksyon yo. Anplis, ekip pwojè yo te rekonstwi bò platfòm yo ak bann taktil yo epi yo te enstale nouvo zòn pou monte ki konfòm ak ADA. Lòt amelyorasyon nan aksesibilite yo gen ladan modifikasyon nan kabin ajan estasyon an ak yon nouvo twalèt aksesib pou anplwaye yo. Pwojè a te abòde tou gwo deteryorasyon estriktirèl laj ak enfiltrasyon dlo te lakòz. Yo te renove twati estasyon an epi modènize ekleraj,

kominikasyon, alam ensandi, plonbri, drenaj ak lòt sistèm esansyèl estasyon an. Anplis, y ap restore epi re-enstale 1,000 pye kare mozayik istorik ki soti nan estasyon orijinal Interborough Rapid Transit Company an nan ane 1908 pou yo dire pandan jenerasyon k ap vini yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Estasyon Borough Hall se kè k ap bat nan Anba Lavil Brooklyn k ap devlope rapidman. Epi grasa finansman federal IIJA, kounye a li aksesib selon ADA epi li pi fonksyonèl anpil pou pasaje nou yo."

Prezidan Kontriksyon ak Devlopman MTA a, Jamie Torres-Springer, te deklare, "Pou rann Borough Hall aksesib, sa te mande kowòdinasyon avèk anpil atansyon pandan n ap kenbe sèvis nan youn nan estasyon ki pi okipe nan Brooklyn. Tout sa fè pati angajman MTA pou bay yon sistèm transpò piblik chak Nouyòkè kapab konte sou li--epi lefètke nou selebre etap enpòtan sa a pandan Mwa Fyète Moun ki Andikape yo rann li pi enpòtan toujou."

Direktè Aksesibilite MTA, Quemuel Arroyo, te deklare, "Borough Hall se yon eleman fondamantal nan rezo transpò piblik Anba Lavil Brooklyn, epi chak pasaje merite sèvis ki san danje, aksesib ak fyab. Pwojè sa a montre sa yon envestisman federal entèlijan kapab reyalize, lè li modènize pi gwo sistèm transpò piblik peyi a pandan l ap rann li pi aksesib ak pi fyab pou plizyè milyon Nouyòkè."

Prezidan Transpò an komen Vil Nouyòk la, Demetrius Crichlow, te deklare, "Mwen kontan anpil dèske kounye a Nouyòkè yo gen aksè nan deplasman ki pi aksesib ak san pwoblèm nan Anba Lavil Brooklyn, kit yo itilize yon aparèy mobilite, y ap pouse yon pousèt, pote bagaj oswa tou senpleman bezwen itilize yon asansè. Amelyorasyon nan estasyon yo, tankou nouvo asansè ak gwo travay pou mete enfrastrikti a nan bon kondisyon, enpòtan anpil pou misyon nou pou bay tout pasaje yo sèvis rapid, fyab ak san danje."

Senatè Charles Schumer te deklare, "Borough Hall se youn nan prensipal sant transpò piblik Brooklyn yo, epi lajan sa yo, mwen te travay di pou jwenn nan Lwa Bipatit sou Enfrastrikti ak Travay (Bipartisan Infrastructure and Jobs Law), pral amelyore kalite lavi pasaje metwo yo epi bay tout moun plis aksè nan transpò piblik, tankou Nouyòkè ki andikape yo ki te soufri pandan lontan akoz move aksè nan sistèm transpò an komen nou an," Schumer te di. "Grasa MTA, amelyorasyon nan aksesibilite moun yo bezwen anpil sa yo pral fè ekonomi lokal la vanse, kreye opòtinite pou djòb ki byen peye epi ogmante aksè nan sèvis esansyèl yo."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Tout Nouyòkè merite transpò piblik ki san danje ak fyab, epi amelyorasyon sa yo nan estasyon metwo Borough Hall se yon gwo pa annavan pou reyalize objektif sa a," Senatè Gillibrand te deklare. "Mwen fyè dèske mwen te jwenn finansman pou pwojè sa a atravè Lwa Bipatit sou Enfrastrikti epi mwen pral kontinye travay pou asire tout Nouyòkè gen aksè nan rezo transpò yo merite a."

Reprezantan Dan Goldman, te deklare, "Mwen kontan anpil dèske Gouvènè a te anonse amelyorasyon nan aksesibilite nan estasyon Borough Hall nan Brooklyn, youn nan sant transpò piblik ki pi enpòtan nan vil la. Asansè sa yo te yon priyorite pou biwo mwen paske yo asire Nouyòkè yo, kèlkeswa kapasite yo, kapab konte sou sistèm metwo nou an ki gen renome toupatou nan monn lan. Transpò piblik dwe fonksyone pou tout moun."

Senatè Andrew Gounardes, te deklare, "Metwo a se pou tout Nouyòkè, epi li ta dwe aksesib pou tout Nouyòkè. Estasyon sa a se yon pwen santral nan rezo transpò piblik nou an, epi rann li totalman aksesib se yon viktwa pou anpil moun Brooklyn: soti nan moun ki itilize chèz woulant oswa ki gen difikilte pou monte eskalye rive nan moun k ap pouse pitit yo nan pousèt ak moun ki pote ekipman lou pou ale travay. Rezon pou itilize yon asansè yo divès menm jan ak Nouyòkè ki pran tren yo. Mwen te goumen pou m finanse amelyorasyon sa yo paske mwen konnen chak estasyon aksesib ouvri yon monn posiblite pou pasaje yo. Mèsi MTA paske w te travay pou reyalize sa."

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, "Nou t ap tann amelyorasyon nan aksesibilite sa yo nan estasyon Borough Hall pandan lontan, epi nou pa t ka pi kontan pase sa dèske jou a rive. Transfòme youn nan sant transpò piblik ki pi okipe nan Brooklyn pou vin yon estasyon totalman aksesib se te yon travay konplèks ki te mande kreyativite ak pèseverans. Transpò piblik aksesib esansyèl pou asire Nouyòkè ki andikape yo, granmoun aje yo, paran ki gen pousèt yo ak moun ki gen difikilte pou deplase kapab itilize transpò piblik. Mèsi Gouvènè Hochul, Janno Lieber, Demetrius Crichlow, Jamie Torres-Springer ak Quemuel Arroyo pou angajman ak travay di nou pou mennen pwojè nou t ap tann depi lontan sa a rive nan bout li."

Prezidan Minisipalite Brooklyn lan, Antonio Reynoso, te deklare, "Pou Nouyòkè ki depann de sistèm metwo nou an chak jou, aksesibilite enpòtan. Borough Hall se yon sant pou lavi sivik isit la nan Brooklyn, epi kounye a estasyon sa a totalman aksesib, pasaje yo kapab jwenn anpil sèvis ak pwogram ekip mwen an ak ajans ki alantou yo ofri yo pi fasil. Pandan n ap kontinye selebre Mwa Fyète Moun ki Andikape yo, mwen remèsye Gouvènè Hochul ak MTA paske yo bay aksesibilite priyorite epi yo konstwi yon sistèm transpò piblik ki soutni chak pasaje."

Manm Konsèy Vil Nouyòk la, Lincoln Restler, te deklare, "Mwen kontan estasyon metwo Borough Hall totalman aksesib selon ADA kounye a. Twa nouvo asansè yo vrèman esansyèl pou moun ki gen difikilte pou deplase, paran ki gen pousèt ak tout moun ki bezwen èd pou monte oswa desann eskalye nan sant Anba Lavil Brooklyn nou an ki okipe anpil. Mèsi MTA paske w te fè sa posib epi pou bèl nouvo travay atistik piblik estasyon an."

###

ANILE ENSKRIPSYON OU

Pou anile enskripsyon ou nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl nan men li, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.